दिन–शनिवार दिनांक–18.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ राति साढ़े आठ बजे राष्ट्र के संबोधित करताह। महिला आरक्षण सँ जुड़ल संविधान संशोधन विधेयक खसि जएबाक एक दिन बाद प्रधानमंत्री ई संबोधन कऽ रहलाह अछि। विपक्षी दल सभक द्वारा सर्मथन नहि भेटबाक कारणे महिला आरक्षण विधेयक दू तिहाई बहुमत पएबा मे असफल रहल। एहि कारणे लोकसभा मे एहि के पारित नहि कराओल जा सकल। परिसीमन के माध्यम सँ महिला लोकनिक लेल आरक्षण लागू करबा सँ जुड़ल प्रस्तावित कानून पैघ बहस के बाद पारित नहि भऽ सकल।

---

लोकसभा आ राज्यसभाक कार्यवाही अनिश्चित कालक लेल स्थगित कऽ देल गेल अछि। संसदक ई विशेष सत्र नारी शक्ति वंदन अधिनियम सँ संबंधित तीन संशोधन विधेयक कँ पारित करबाक लेल आयोजित कयल गेल छल। काल्हि लोकसभा मे संविधान एक सय एकतीसम संशोधन विधेयक पारित नहि भऽ सकल। एहि विधेयक मे लोकसभा आ विधानसभा मे महिला लोकनिक लेल एक तिहाई सीट आरक्षित रखबाक प्रावधन छल। सदन मे उपस्थित कुल पांच सय अट्ठाईस सदस्य मे दू सय अंठानवे सांसद एकर पक्ष मे आ दू सय तीस सांसद एकर विरोध मे मतदान कयलनि, जे दू तिहाई बहुमत सँ कम छल।

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल आइ एक महत्वपूर्ण निर्णयक अंतर्गत प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजना पीएमजीएसवाई–थ्री के मार्च दू हजार अट्ठाईस धरि विस्तारित करबाक निर्णय कयलक अछि। मंत्रिमंडलक बैसक के बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे एहि सँ ग्रामीण सड़कक लक्षित उन्नयन के सुनिश्चित करबा मे सहयोग भेटत। श्री वैष्णव जनौलनि जे केन्द्रीय कैबिनेट एक आन महत्वपूर्ण निर्णय मे केन्द्रीय कर्मचारी सभ के मंहगाई भत्ता आ पेंशनभोगी सभ के मंहगाई राहत के अतिरिक्त किस्त जारी करबाक सेहो मंजूरी दऽ देलक अछि। ई एहि वर्ष पहिल जनवरी सँ प्रभावी होयत।

---

बिहार विधानसभाक विशेष सत्र चौबीस अप्रील कऽ आयोजित कयल जायत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि दिन विश्वास मत सदन मे प्रस्तुत करताह। विधानसभा सचिवालय एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कयलक अछि। ध्यातव्य अछि जे नीतीश कुमार के मुख्यमंत्री पद सँ इस्तीफाक बाद भाजपाक सम्राट चौधरी कैँ एनडीए विधायक दलक नेता चुनल गेल। जाहि के बाद पंद्रह अप्रील कऽ ओ मुख्यमंत्री पद के शपथ लेने छलाह।

---

पूर्व मुख्यमंत्री आ जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार आइ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सँ हुनक आवास पर जा कऽ भेट कयलनि। एहि दरमियान दुनू नेता के मध्य विभिन्न मुद्दा सभ पर गपशप भेल। श्री कुमार दुनू उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव सँ सेहो भेट कयलनि। मानल जा रहल अछि जे राज्यक वर्तमान राजनीतिक परिस्थिति आ कैबिनेट विस्तार के लऽकऽ मुख्य रूपेँ चर्चा भेल। एम्हर, राज्य सरकार उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव के सुरक्षा बढ़ा देलक अछि। दुनू के जेड श्रेणीक सुरक्षा देल गेल अछि।

---

हज यात्रा दू हजार छब्बीसक लेल राज्यक हज यात्री सभक पहिल जत्था आइ दिल्ली, मुंबई आ कोलकाता हवाई अड्डा सँ विदा भेल। एहि वर्ष बिहार सँ दू हजार पांच सय बावन लोक हज यात्रा पर जा रहलाह अछि। बिहार हज कमिटीक सीईओ राशिद हुसैन जनौलनि जे पांच मई धरि हाजी लोकनिक जत्था मदीना जायत। जखनकि छओ मई सँ बीस मई धरि जायबला यात्री जेद्दा हवाई अड्डा पर उतरताह। ओ जनौलनि जे हज यात्राक लेल केन्द्र आ राज्य सरकार नीक व्यवस्था कयलक अछि आ एहि यात्रा पर जायवला लोक सभ कैँ सुरक्षा आ सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।

---

विश्व धरोहर दिवस के अवसर पर सांस्कृतिक आ प्राकृतिक विरासतक विविधता, संवेदनशीलता आ महत्वक संबंध मे जागरूकता के बढ़ावा देबाक लेल प्रदेश भरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। हमर गया संवाददाता जनौलनि जे विश्व धरोहर महाबोधि मंदिर परिसर मे विशेष पूजाक आयोजन कयल गेल, जाहि मे मंदिर प्रबंधक समितिक पदाधिकारी, बौद्ध विद्वान आ भिक्षु भाग लेलनि। पटना स्थित बिहार संग्रहालय, खुदाबख्श केन्द्रीय पुस्तकालय आ अन्य स्थान सभ पर सेहो कार्यक्रमक आयोजन गेल।

———————————————————————————————

पछवा हवाक प्रभावक कारणे राज्यक विभिन्न भागक तापमान मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। राज्यक कतेको क्षेत्र मे अधिकतम पारा एकतालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि।

———————————————————————————————

समाप्त